



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DAT OUVÈTI AK ENFÒMASYON SOU ORÈ POU SIT  
VAKSINASYON FEMA ETA A NAN TOUT ETA A**

***Sit yo nan Brooklyn ak Queens dwe ouvri 24 fevriye - Nouyòkè ki elijib yo ka kòmanse pran randevou pou sit vaksinasyon Brooklyn ak Queens FEMA Eta a nan samdi 20 fevriye a 8 a.m.***

***Sit yo nan Buffalo, Rochester, Albany ak Yonkers dwe ouvri 3 mas - Nouyòkè ki elijib yo ka kòmanse pran randevou pou sit vaksinasyon Buffalo, Rochester, Albany ak Yonkers FEMA Eta a nan samdi 24 fevriye a 8 a.m.***

***Orè Randevou rezève inisyman pou Nouyòkè no ki nan zòn ki gen to vaksinasyon ki ba pou yon semèn; Randevou yo pral ouvri answit pou tout rezidan nan chak minisipalite oswa konte ki òganize sit la***

***Tout sis sit yo sible kominote defavorize yo, yon pati nan efò Administrasyon Cuomo ak Biden yo pou distribye vaksen yon fason ki ekitab e avèk efikasite***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse dat ouvèti ak enfòmasyon sou orè pou sis sit vaksinasyon kominotè yo te etabli atravè yon patenarya avèk Ajans Jesyon Ijans Federal (Federal Emergency Management Agency, FEMA) la. Espesyalman, sit ki lokalize nan Brooklyn ak Queens pral kòmanse bay vaksen mèkredi 24 fevriye, epi sit Buffalo, Rochester, Albany ak Yonkers yo ta dwe kòmanse bay vaksen 3 mas. Sit Queens ak Brooklyn yo pral fonksyone ant 8 a.m. ak 8 p.m. chak jou. Sit Brooklyn ak Queens yo chak gen kapasite pou administre 3,000 dòz chak jou, pandan ke sit Buffalo, Rochester, Albany ak Yonkers gen kapasite pou administre 1,000 dòz chak jou.

Nouyòkè ki elijib yo ka kòmanse pran randevou pou sit Brooklyn ak Queens yo a 8 a.m. nan samdi 20 fevriye lè yo itilize sit entènèt '[Èske Mwen Elijib](#)' (Am I Eligible) New York la oswa lè yo rele Liy Dirèk Vaksinasyon COVID-19 eta a nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829). Answit orè randevou a pral ouvri pou sit Buffalo, Rochester, Yonkers ak Albany yo a 8 a.m. nan mèkredi 24 fevriye. Pou premye semèn orè a, randevou nan sis sit sa yo nan tout eta a rezève odepas espesyalman pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinasyon an k ap viv nan zòn ki gen to vaksinasyon ki ba nan konte ak minisipalite yo. Apre yon semèn, yo pral rann randevou nan chak sit disponib answit pou tout rezidan nan konte, minisipalite oswa rejyon sib espesifye ki òganize sit la.

"COVID te kreye mare bas nan Etazini, epi li te ekspoze tout ledè, rasis estriktirèl la, enjistis ak disparite ki cache nan aspè ki pi pwofon li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou konnen ke kominote koulè yo soufri pi plis epi depi premye jou a nou deja fè distribisyon jis ak ekitab vaksen an yon priyorite. Avèk ouvèti sit sa yo, nou pral fè yon enpak dramatik sou kèk nan kominote nou yo ki frape pi di pou ranfòse davantaj travay nou ap fè sou tèren an pou mete vaksen nan bra yo. Mwen remèsye administrasyon Biden pou patenarya yo nan fè lye sa yo vin yon reyalyte."

Pandan ke COVID-19 la te gen yon enpak ki lakòz domaj sou nasyon an nan tout entegralite li, viris sa a te devaste kominote pòv yo ak kominote koulè yo patikilyèman, kote moun Nwa ak Latino yo mouri nan yon pousantaj ki pi wo pase moun blan yo. Depi nan konmansman an pwosesis distribisyon vaksen an, yon lòt tandans ki bay prewokipasyon te parèt - [ezitasyon alega vaksen an](#), espesyalman nan kominote Nwa a. Avèk yon gwo kantite travayè esansyèl ki soti nan kominote koulè yo, Nouyòkè sa yo ap fè fas a yon risk ogmante pou kontrakte viris la tou senpleman akòz nati travay yo. Sa te fè li pi enpòtan toujou pa sèlman pou kontinye travay pou mete konfyans nan vaksen an, men tou pou kraze baryè aksè yo epi asire ke li disponib dirèkteman anndan kominote sa yo.

Men enfòmasyon sou lye ak orè pou sis sit yo:

**Brooklyn: Medgar Evers College**

1650 Bedford Avenue

Brooklyn, NY 11225

Orè: 8 am - 8pm apati 24 fevriye

Kòd postal ki elijib: 11206, 11221, 11216, 11238, 11225, 11213, 11233, 11207, 11208, 11236, 11212, 11203, 11226, 11210

**Queens: York College**

94-20 Guy R Brewer Boulevard

Jamaica, NY 11451

Orè: 8 am - 8pm apati 24 fevriye

Kòd postal ki elijib: 11418, 11419, 11420, 11430, 11435, 11436, 11439, 11432, 11433, 11434, 11423, 11412, 11413, 11427, 11428, 11429, 11411, 11422, 11691, 11692, 11693

**Buffalo: Delavan Grinder Community Center (Sant Kominotè Delavan Grinder)**

877 East Delavan Avenue

Buffalo, NY

Kòd postal ki kalifye: 14209, 14201, 14208, 14213, 14211, 14215, 14214, 14204, 14222, 14212

**Rochester: Ansyen pakin Kodak Hawkeye**

1345 St. Paul Street

Rochester, NY

Kòd postal ki elijib: 14605, 14613, 14611, 14608, 14621, 14619, 14606, 14615, 14614, 14609, 14604, 14603

**Yonkers ak Mount Vernon: New York National Guard Armory (Asenal Gad Nasyonal New York)**

2 Quincy Place

Yonkers, NY

Kòd postal ki elijib: 10705, 10701, 10550, 10553, 10704, 10703, 10552

**Albany, Schenectady, Troy: Washington Avenue Armory**

195 Washington Avenue

Albany, NY

Kòd postal ki elijib: 12202, 12206, 12210, 12209, 12207, 12222, 12180, 12307, 12308, 12305, 12304

Avèk sipò FEMA, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (U.S. Department of Health and Human Services), Depatman Defans (Department of Defense) ak lòt ajans federal yo, sit sa yo pral mobilize anplwaye klinik ak non-klinik federal yo ak kontraktè ki pral travay avèk Gad Nasyonal la, Eta New York, lidè lokal yo, ak òganizasyon ki baze nan kominote yo pou etabli ak opere sit sa yo. Yo pral prepare chak kote pou satisfè bezwen kominote espesifik li ap sèvi a.

Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Anplis de sa, New York te etabli plis pase 90 sit vaksinasyon 'tanporè' ki baze nan kominote a nan legliz yo, sant kominotè yo ak konplèks lojman piblik yo dirèkteman nan kominote yo toupatou nan eta a ki te defavorie pa sistèm swen sante tradisyonèl yo. Depi 15 janvyè, sit sa yo te pèmèt apeprè 42,500 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen COVID-19 pa yo nan sit tanporè sa yo ki baze nan kominote a. Aprè administrasyon premye dòz yo, yo re-etabli sit yo twa semèn pita pou administre dezyèm dòz yo.

New York pral kontinye etabli sit tanporè sa yo jiskaske yo mete yo nan tout 33 Devlopman Lojman pou Granmoun Aje NYCHA (NYCHA Senior Housing Developments) yo, ki loje plis pase 7,600 granmoun aje. Yo pral kontinye etabli tou lokal tanporè yo pral nan lòt konplèks lojman piblik yo nan tout Eta a, epitou nan plis pase 300 legliz ak sant kiltirèl ki ofri tèt yo volontèman pou loje sit sa yo atravè Gwoup Travay sou Ekite Vaksen (Vaccine Equity Task Force) Gouvènè Cuomo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)